Ingkang sabagian malih kangge memetri kanjeng terutama Nabi Sulaeman, Malaekat Kasim ingkang tansah andom rejeki dhateng para warga. Mugya dados rejeki ingkang halal.

Ingkang sabagian malih kangge memetri ugi bebekti Ki Ageng Tarub, Ni Ageng Tarub inkang mapan wonten ing tarub ingkang tansah ngayomi dhateng keluwarga ingkang badhe mantu.

Ingkang sabagian malih kangge bebekti Nabi Khilir, Ilyas ingkang maringi lan nyukani toya dharatan saha saisinipun. Mugya tansah paringana keslametan.

Dene ingkang sepisan menika kangge bekti kaliyan Dewi Siti Fatimah ingkang mengkoni para putri lan mug-mugi dados kaluwarga ingkang sakinah lan tansah paring kaslametan.

Dene menika walimahan, temtunipun ugi sadaya saking arah menapa kemawoningkang langkung saged nampi menapa kekirangnipun lan ugi kkekiran kel mriki nyuwun pangpunten nyuwun pangpunten kel mriki. Mug-mugisaget nampi menapa kekiranganipun kaluwarga mriki. Mug kaluwargamenika tansah paringana pangapunten lan kangge anjang bekti wontenipun walimahan menika sedaya kula aturaken dhateng sing Maha Kuwaos mugya saget katampi. Mugya tansah dipuntampi dhateng Allah.

Ikrar sajen peturon dilafalkan dan dirangkai dengan bahasa yang indah, namun pada intinya maksud ikrar tersebut adalah agar orang yang memiliki hajat diberi keselamatan dalam melaksanakan hajat pernikahan dan juga agar kedua pengantin diberi kebahagiaan, keberuntungan, umur panjang menjalani kehidupan rumah tangga. Selain itu, pemimpin upacara juga mendoakan orang yang

membantu hajatan tersebut selamat semuanya, sehingga pelaksanaan hajatan pernikahanpun dapat berjalan dengan lancar.

Acara yang ketiga yaitu penutup. Acara ini dipimpin oleh Bapak Untung. Acara tersebut berisi permohonan maaf kepada para *pepunden*. Di bawah ini penutup dalam upacara *sajen peturon*:

Kula kinten menika ingkang saget kula andharaken namung ngaten kalepatipun kawula nggenipun ngaturaken temtunipun kathah sanget kekiranganipun mugi-mugi sadaya inggih menika tansah wonten manfaatipun. Mugi-mugi kaluwarga mriki tansah mriki tansah paring kaslametan, kasarasan, boten wonten alangan setunggal menapa.

Kula kinten namung ngaten rumiyin. Awit saking kawula nyuwun panganipun kalepatanipun. Nuwun.

Demikianlah prosesi jalannya upacara *sajen peturon* di desa Rowodadi, Kecamatan Grabag, Kabupaten Purworejo yang terbagi dalam beberapa tahap persiapan dan pelaksanaan. Prosesi jalannya upacara selesai dilaksanakan kurang lebih selama 30 menit. Setelah upacara selesai ibu-ibu yang membantu membuat sesaji dan menata sesaji kemudian diperbolehkan untuk menyantap makanan dan minuman.

CATATAN REFLEKSI

1. Pada tanggal 24 April 2010 di rumah Bapak Saring dilaksanakan upacara *sajen peturon*.
2. Bapak Untung bertugas menjadi sesepuh desa atau yang memimpin upacara *sajen peturon*.
3. Sebelum upacara dimulai sesaji diletakkan di dalam *peturon*.
4. Susunan upacara *sajen peturon* adalah pembukaan, inti, dan penutup.

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA (01)

Nama : S. Adi Sucipto
Umur : 65 tahun
Pekerjaan : Tani
Alamat : Rowodadi
Hari/tanggal : Rabu, 7 April 2010
Tempat : Rumah Bapak Adi
Waktu : 09.00 WIB

1. Pertanyaan tentang asal-usul sajen *peturon* di Desa Rowodadi.

- Romi : *Bapak kadospundi asal-usul utawi sejarahipun sajen peturon?*
- Pak Adi : *Nalika sek cilik bocah rak ana sing njaga mbak, sing jenennge Nyai Brayut utawa nek ing agama Islam jenenge Dewi Mariyam.*
- Romi : *Dewi Brayut lan Dewi Mariyam menika sinten pak?*
- Pak Adi : *Dewi kuwi mau sing njaga ning peturon. Lha gandheng wis dhewasa rak bakal omah-omah, dimantukke.*
- Romi : *Kenging menapa kedah nganakaken sajen peturon pak?*
- Pak Adi : *Mula kuwi kanggo ngomati sing njaga kuwi digawekke sajen sing didelehke peturon supaya mujekke ben slamet.*
- Romi : *Lajeng sinten ingkang sepisan ngadani upacara menika bapak?*
- Pak Adi : *Ki Pujangga kalih pinisepuh.*
- Romi : *Upacara sajen peturon menika tujuanipun menapa bapak?*
- Pak Adi : *Tujuane nyuwun slamet karo sing paring gesang, para Nabi, para malaekat, lan para leluhure.*
- Romi : *Wekdalipun upacara sajen peturon kapan bapak?*
- Pak Adi : *Wektune ya dina sadurunge (ha min satu) nganti tekan telung dina utawa sarampunge.*
- Romi : *Kinten-ninten wiwit taun kapan upacara sajen menika dipunwiwiti?*
- Pak Adi : *Wis awit aku durung ana, wiwit kaki buyut ana (kanggo desa kene sekitar taun 1800 an).*

Romi : Bapak nderek nindakake upacara sajen peturon (dados tiyang ingkang pasrah) kawit taun pinten?

Pak Adi : Wiwit taun 1994 dumugi samenika.

Romi : Papan kangge upacara sajen peturon wonten pundi bapak?

Pak Adi : Ya kur ning kamar sing biasa nggo turu. Ya pokoke kur sebute sajen peturon, pokoke ya mung ning kamar sing resik, suci.

Romi : Kenging menapa kamar menika kedah resik, suci bapak?

Pak Adi : Merga arep dienggo rawuh para leluhur lan pepundhen.

Romi : Sesaji sajen peturon wiwit rumiyin dumugi samenika wonten perubahanipun menapa boten pak?

2. Pertanyaan tentang jenis sesaji yang terdapat dalam upacara sajen peturon

Romi : Jenising sesaji wonten sajen peturon menapa kemawon bapak ?

Pak Adi : Senajan ora urut niku gampang sega salawuhe, jangan lawuhi dikumpliti, njuk onten iwak kebo siji, njuk iwak loh (iwak banyu lanang-wadon), kembang kalih menyan, njuk ketan abang-putih, kupat lepet, jongko nginthil, tumpi, srabi, cucur, kembang pari, gula kalapa, jajan pasar, ceplok endhog, wedang-wedang wernane lima teh anyep-legi, kopi anyep - legi, rucuh degan, arang-arang kembang. Bangsane palawija gedhang ambon, raja, lajeng ganyong, irut, gedhang mentah sing dibakar, njuk tempe bakar, njuk diarani tela, tela wonten sing dibakar, njukang klasa bangka, kendhi klawah, diyan blencong saka lengo jawa sing diwadhahi krambil njuk delese nggo lawe wenang nika diarani diyan blencong, gêthik.

Romi : Srabi menika raosipun kadospundi pak?

Pak Adi : Srabi kuwi rasane ya gurih mbak.

Romi : Menapa damelipun inggih kedah gurih pak?

Pak Adi : Ya iya mbak.

Romi : Kenging menapa kok kedah gurih pak?

Pak Adi : Rasa gurihe kuwi rak merga mbah-mbah buyut kene mbiyen senengane dhahar panganan sing gurih.

Romi : Lha damelipun kadospundi pak?

- Pak Adi : *Nek bahane kuwi nganggo beras, santen, uyah, karo krambil.*
- Romi : *Lajeng kelanipun menika menapa mawon bapak?*
- Pak Adi : *Oseng-oseng mie, oseng kubis, tumis buncis, kering kentang.*
- Romi : *Menapa kedah ngginakaken kelan menika pak?*
- Pak Adi : *Nek jangane saanane dhik, nek bisa lengkap ya lengkap, nek pancen ora ana ya mung lara utawa telu macem ora masalah. Sing jenenge wong slametan kuwi rak samampune.*
- Romi : *Nalika masak menika pareng dipuncicipi mboten pak?*
- Pak Adi : *Nek pas masak mboten kena diicipi ngantos upacarene cekap, nyamikan sing dingge sajen ugi kedah wutuh. Sing nggo sajen niku cidhukan sing sepisan. Lha niku minangka wujud ngormati tiyang sepuh.*
- Romi : *Jajan pasar menika menapa mawon bapak?*
- Pak Adi : *Bangsane kacang, emping, lanthing, buah-buahan kayata jambu, salak, gedhang lan liya-liyane.*
- Romi : *Lajeng menawi tumpeng menika menapa pak? anggenipun damel menika kadospundi?*
- Pak Adi : *Tumpeng menika pun damel saking beras. Saderenge berase didang riyin njuk bare niku dicetak ngangge plastik utawa godhong sing bentuk kaya krucut nek wis dadi dhuwure dihias brambang karo lombok.*
- Romi : *Kejawi tumpeng wonten sesaji sanesipun mboten pak?*
- Pak Adi : *Wonten, kaya ta lawuh, jangan, jajan pasar.*
- Romi : *Lawuh menika jenisipun menapa mawon pak?*
- Pak Adi : *Lawuhe ana telu, endhog ceplok sambel kecap, iwak kebo siji, njuk iwak goreng. Endhog ceplok sambel kecap digawe saka endhog diceplok sek, diwei sambel kecap*
- Romi : *Menapa sesajinipun kedah komplit pak?*
- Pak Adi : *Iya mbak.*
- Romi : *Menawi wonten ingkang kirang kadospundi pak?*

- Pak Adi : *Bisa ndadekke musibah. Winginane wis tau ana sing kesurupan mbak, mergane sajene ora komplit. Barang digoleki ternyata durung ana kacang karo emping. Bar digoleki kurangane kuwi njuk mari.*
- Romi : *Sasampunipun upacara menika cekap, dhaharan menika lajeng dipunbucal menapa kadospundi bapak?*
- Pak Adi : *Nggih tetep dipunpasang ngantos dumugi sacekape hajatan menika cekap. Menawi sampun lajeng dipunbucal. Sesaji ingkang saged dipuntedhi menawi boten dipunbucal.*

3. Pertanyaan tentang makna sesaji sajen peturon.

Romi : *Sesaji-sesaji menika maknanipun menapa bapak?*

Bapak Adi : *Maknanipun menika*

Iwak kebo siji : *iwak kebo siji kuwi ana kulit, balung, jeroan kuwi kumplit kuwi karepe manungsa kuwi kesenengane warna-werna.*

Sayur saklawuhe : *wong dhahar kuwi rak kudu komplit nek ning slametan padha karo mumileh Kanjeng Nabi sak garwa, sokabat, lan keluwargane.*

Tumpeng: *saka tembung tumpenging rosa sing temen/rasa niku sing temen, niku sing dipundhi Sing Maha Kuwasa.*

Iwak goreng (lanang, wadon) : *wong urip nang ngalam donya kuwi ana lanang-wadon, ana bumi ana langit, ana awan ana bengi, karang jodhon-jodhon.*

Ingkung: *Ingkung niku saking tembung manekung, tegese manungsa niku kedah manekung karo sing gawe urip inggig menika Gusti.*

Jenang bonang-baneng : *tegesipun ening utawa mantep panuwune. Menawi nyuwun ya sing mantep supaya panuwune kabul.*

Endhog ceplok sambel kecap: *karepe niku manunggaling cipta, rasa, lan karsa.*

Kembang pari : *caos dhateng Dewi Sri ingkang momong rejeki saking pari utawi ingkang wujudipun pari.*

Tumpi : maksude panyuwune iku ditunda-temendha (ora mung sepisan), yen durung diparingi kuwi ya nyuwun terus.

Cucur : maksude padha karo tutur. Cucur saka tembung tutur ‘swara’. Swara sing ditokke kuwi sing apek. Dadi nyuwun karo Gusti Allah ya sing apek. Makane dijenengi cucur.

Jajan pasar : nika nek cara jajan pasar warna-werna bangsane gedhang ambon, gedhang raja, salak, ana kacang, emping, lan liya-liyane. Kuwi mau nggambarake kehidupan sosial ana sing sugih, sedheng, lan mlarat.

Wedang warna lima : niku kanggo nyuguh utawa ngaweruhi para leluhur.

Gedhang ambon, gedhang raja : gedhang saka tembung gegetahing rasa men padhang tegese padha karo wong urip rak dhahar ngaweruhi ibu pertiwi, padha karo bekti marang sing maringi asil bumi.

Jenang ireng : Jenang ireng minangka lambang saking tolak balak.

Kembang pari : niku caos dhateng Dewi Sri ingkang momong rejeki saking utawi wujudipun pari.

Menyan : panyuwune kuwi kanthi barang kemukus utawa sing dhuwur dhewek yaiku Gusti Allah.

Jangka nginthil : Jangka nginthil saka tembung panjangka tegese karep, lan nginthe saka tembung inthil kuwi padha wae cita-cita. Sakabehe karep kuwi kudu diinthe supaya tekan.

Godhong sewu utawa godhong tawa : wonten samubarang menapa kemawon saged tawar. Godhong sewu tegese slametan niku wujudé wonten sewu, tujuane supados slamet.

Gêthik : gêthik niku saking darah ayam, niku kangge bekti kaliyan mbah buyut kula Mbah Mandra Busana sing mbau reksa Rowodadi.

Komaran : niku sing dicaosi Nabi Sulaeman kalih sedaya malaikat ingkang asih.

Kembang telon : niku tegese telung perkara, dadi niku jane telu, ana abang, ijo, karo putih. Putih nglambangake suci, abang nglambangake keberanian, ijo hawa napsu. Nek wis wani aja wedi-wedi, nek wedi aja wani-wani.

Rokon dan kinang : niku kangge para leluhur. Nek cara wong mbiyen rak ngaten nek wong wadon kuwi nginang, nek wong lanang rokok. Dadi ya padha kebutuhane wong lanang karo wadon.

Unjukan : unjukan niku werni-werni. Menawi tegesipun minangka ngormati dhateng para leluhur.

Romi : Kenging menapa Nabi Sulaeman pak?

Pak Adi : Mergane Nabi Sulaeman kuwi sing mbage rejeki mbak. Kanthi upacara kuwi rejekine warga kene bisa tutug.

4. **Pertanyaan tentang persiapan upacara sajen peturon.**

Romi : Saderengipun upacara menika dipun-lampahi persiapan menapa ingkang kedah wonten ing upacara menika?

Pak Adi : Nggih jane wonten, persiapane kuwi sing disenengi disenengi utawa dikarapake apa. Persiapan liyane olah-olah utawa gawe sesaji sing arep nggo upacara kuwi.

Romi : Menapa wonten persiapan khususipun bapak?

Pak Adi : Ora ana.

5. **Pertanyaan tentang prosesi upacara sajen peturon.**

Romi : Kadospundi prosesi upacara sajen peturon menika bapak?

Pak Adi : Sadurunge upacarane dimulai sesepuh desa utawa wong sing masrahke takon karo sing kagungan hajat mantu, menawa sajen wis ora ana sing kurang upacarane langsung diwiwiti. Menawi upacaranipun nggih kados dene wong ujud-ujud utawa masrahke utawa atur dunung karo para leluhur lan para pepundhen. Kaya

mudhi karo Kanjeng Nabi Muhammad SAW, Baginda Khilir, Baginda Sulaeman, Ilyas, lan liya-liyane.

Romi : *Susunan acaranipun kadospundi bapak?*

Pak Adi : *Susunan acarane wonten pambuka kuwi maca bismilah, ikrar, njuk penutup. Sadurunge pambuka ngobong menyan ben dongane tekan karo Gusti Allah. Pambuka tumujune karo Gusti Allah, lajeng para leluhur lan pepundhen. Nomer lara donga jawa maksude ujud-ujud/masrahake. Sing keru dhewe donga panutup ya mung nganggo Alhamdulillah.*

Romi : *Lajeng ingkang mimpin upacaraipun sinten bapak?*

Pak Adi : *Nek acarane sing mimpin pertama tekan keru dhewe mung wong siji inggih menika para sesepuh. Nek ning kene aku, Bu Rasmi, lan sanesipun sing ngertos bab sajen peturon.*

Romi : *Lafalalipun pambuka kadospundi bapak?*

Pak Adi : *Bismillah hirrohman nirrokhim, ya Allah niat ingkun caos bekti wonten ngarsa para pepundennipun Bapak Wangsit, Gusti Inggang Maha Kuwaos kawula minangka sulih aturipun Bapak Wangsit. Wiwit dinten menika Senin dumugi Senin Kliwon, Jumat dumugi Jumat Wage Wangsit badhe babar hajat inggih menika malakramakaken anakipun jaler Triyono pikantuk pawastri saking Banjarnegara. Panuwunipun Wangsit kaliyan anggenipun malakramakaken anakipun tansah keparingana rahayu wilujeng boten manggih rubeda saking menapa kemawon. Dinten menika Wangsit caos bekti dening para pepundhen sadaya ingkang awujud sesaji, dhaharan, lan saperanganipun. Mugya panuwunipun Bapak Wangsit kaliyan tansah kinabulna dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos.*

Romi : *Posisinipun tiyang ingkang pasrah menika bebas menapa kedah sami kaliyan tiyang sholat pak?*

Pak Adi : *Posisine madhep ngulon. Nek cara Islam kuwi nek wong donga kuwi rak kiblate ka'bah njuk tangane sedhakep niku padha karo sungkem,*

padha karo wong ngibadah. Nek wong arep matur kuwi rak kudu sing rapi, kudune sungkem.

Romi : *Menapa sajenipun kedah jangkep bapak?*

Pak Adi : *Nggih, nek ora disiapke kala-kala rapati kepenak. Nek jaman biyen sok wonten kesurupan.*

6. Pertanyaan tentang fungsi upacara sajen peturon.

Romi : *Manfaat menapa ingkang saged dipunpendhet saking upacara menika?*

Pak Adi : *Nggih nyuwun niki sepisan tujuane dikabulke njuk slamet, ngilangaken pagebluk. Dadi tujuane wis kabul njuk tujuane slamet. Gampange ora ana godha saking napa mawon.*

Romi : *Fungsi sanesipun kangge menapa malih pak?*

Pak Adi : *Fungsipun kangge nguri-uri kabudayan ingkang turun-temurun saking luhure kita, saged kangge sarana gotong royong, kerukunan warga.*

CATATAN REFLEKSI

1. Asal-usul *sajen peturon* di Desa Rowodadi, Kecamatan Grabag, Kabupaten Purworejo adalah dari cerita Nyai Brayut dan Dewi Mariyam yang bertugas menjaga anak-anak ketika bayi.
2. Sesaji yang terdapat dalam upacara *sajen peturon* yakni *sega salawuhe*, *oseng mie*, *oseng kubis*, *tumis buncis*, *kering kentang*, *iwak kebo siji*, *iwak banyu*, *kembang menyan*, *kupat*, *lepet*, *ketang abang-putih*, *cucur*, *tumpi*, *kembang pari*, *gula klapa*, *jajan pasar (kacang, lanthing, emping)*, *endhog ceplok*, *wedang warna lima*, *gedhang ambon*, *gedhang raja*, *ganyong*, *irut*, *gedhang bakar*, *tempe bakar*, *tela*, *klasa bangka*, *kendi klawah*, *diyan blencong*, dan *gêthik*.
3. Susunan acara pada upacara *sajen peturon* terdiri dari pembukaan, inti, dan penutup.
4. Upacara *sajen peturon* dilaksanakan satu hari sebelum ha sampai dengan tiga hari atau sampai dengan upacara manten selesai.
5. Fungsi upacara *sajen peturon* adalah untuk meminta keselamatan, *nguri-uri kabudayan*, sarana gotong royong.
6. Pembuka upacara *sajen peturon* adalah *Bismillahirrohman nirrohim ... ya Allah niat ingsun ... ya Allah niat ingsun caos bekti dhateng Gusti Allah, para pepundhen, para leluhur. Mugya hajat menika tansah keparingan rahayu wilujeng boten manggih rubeda saking menapa kemawon.*

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA (02)

Nama : Susilo S.K
Umur : 45 tahun
Pekerjaan : Seniman (dalang)
Alamat : Rowodadi
Hari/tanggal : Rabu, 7 April 2010
Tempat : Rumah Bapak Susilo
Waktu : Pukul 11.00 WIB

1. Pertanyaan tentang asal-usul upacara sajen *peturon*.

Romi : *Kadospundi asal-usulipun sajen peturon wonten desa Rowodadi bapak?*

Pak Susilo : *Geh menika pertama adat istiadat Rowodadi yang termasuk dalam budaya. Masalah sajen terutama sajen peturon di Rowodadi termasuk adat-istiadat yang tidak bisa ditinggalkan pada saat ini. Sesaji niku jane saka para Sunan, Wali. Mbah kula lan jenengan nilu lak ana sejak jaman Hindhu.*

Romi : *Menawi sajen peturon piyambak asal-asalipun kados pundi pak?*

Pak Susilo : *Menika saking cariyos Nyai Brayut dan Dewi Mariyam.*

Romi : *Dewi menika sinten pak?*

Pak Susilo : *Kuwi sing njaga ning peturon, nalika bocah sek cilik.*

Romi : *Lajeng sinten ingkang sepisan ngadani?*

Pak Susilo : *Yang pertama mengadakan itu tidak tahu. Itu sudah menjadi tradisi yang diuri-uri di Rowodadi.*

Romi : *Tradisi menika tujuanipun menapa gih pak?*

Pak Susilo : *Secara simbolik sesaji itu memiliki tujuan yang pertama bekti kepada Allah. Sesaji itu adalah wujud bekti kepada Allah. Yang kedua bekti kepada orang tua. Yang terakhir bekti kepada Rosul dan guru kita. Makna sesaji itu bukan untuk sing mbaureksa, namun sebagai wujud bekti kepada Allah SWT.*

Romi : *Wekdalipun sajen peturon kapan pak?*

Pak Susilo : Misal besok siang *manten*, malemnya sudah siapkan sajen *peturon*. Kalau sesudah itu ada yang namanya *kenduren*.

Romi : *Sajen menika dipunpasang pinten dinten pak?*

Pak Susilo : *Ya biasane saka nganu ... biasane ya sedina sewengi.*

Romi : *Tempat pelaksanani pun sajen peturon wonten pundi pak?*

Pak Susilo : *Bisanipun wonten kamar utawi peturon. Geh jane ning kamar penganten. Peturon menika lak papan kangge sare.*

Romi : *Sesaji sajen peturon wiwit rumiyin dumugi samenika wonten perubhanipun menapa boten pak?*

Pak Susilo : Kalau untuk di Rowodadi tidak ada perubahan. Kalau ada mungkin dalam hal makanan saja.

Romi : *Tuladhanipun menapa pak?*

Pak Susilo : Kalau dulu mungkin belum ada *pukis*, sekarang sudah ada. Kalau sekarang belum ada *apem*, dulu belum ada. Kalau sekarang itu dicari simpelnya *dhek*.

Romi : *Lajeng sasampunipun kangge sajen, dhaharan menika dipunbucal menapa kados pundi pak?*

Pak Susilo : *Nek cara wonge niku nggih digaok sapa sing ana ning kana. Dadi ora mubajir, apa sing bisa didhahar didhahar.*

2. Pertanyaan tentang macam-macam sesaji

Romi : *Sesaji ingkang dipunginakaken wonten upacara menika menapa kemawon pak?*

Pak Susilo : Pisang ambon, pisang raja biasanya itu *lepet*, *kupat*, yang dimasak pada saat itu seperti nasi, sayur, terus *lawuh*, terus telur, terus ya ada *degan*, *jongko nginthil*, *kembang telon*, *ketan abang-putih*, *jenang abang-putih*, *wedange arang-arang kembang*, *kopi manis-pahit*, *teh manis-pahit*, *rucuh degan*, *cembawuk*, *gelas dikei banyu karo kembang* (*jenang bonang-baneng*, *kembang menyan*, *tela bakar*, *gedhang bakar*, *tempe bakar*, *sega ditumpeng*, *tumpi*, *cucur*, *sabi*, *degan*).

Romi : *Kelanipun menapa mawon pak?*

- Pak Susilo : *tumis buncis, oseng mie, oseng kubis, lan sapanunggalane.*
- Romi : *Menapa kedah ngginakaken kelan menika pak?*
- Pak Susilo : *Ya ora dhek, nek ora ana ya saolah, saanane. Sifatipun menyesuaikan apa sing diolah.*
- Romi : *Lajeng nalika masak menika pareng dipuncicipi mboten pak?*
- Pak Susilo : *Mboten kena diicipi ngantos upacaraene cekap, nyamikan sing dingge sajen ugi kedah wutuh. Sing nggo sajen niku cidhukan sing sepisan. Lha niku minangka wujud ngormati tiyang sepuh*
- Romi : *Wujudipun kembang telon menapa mawon pak?*
- Pak Susilo : *Mawar, kenanga, kanthil.*
- Romi : *Menapa sifatipun wajib pak?*
- Pak Susilo : *Sifatipun wajib, kembang niku rak wewangian.*
- Romi : *Lajeng menawi jajan pasar menika menapa mawon pak?*
- Pak Susilo : *Sawernane napa mawon sing teng pasar bangsane gethuk, kacang, kriyik, lan liyane.*
- Romi : *Kejawi jajan pasar kodosipun wonten ingkung inggih pak?*
- Pak Susilo : *Iya ana.*
- Romi : *Inkung menika damelipun kadospundi pak?*
- Pak Susilo : *Inkung kae le nggawe saka ayam. Nek ora nganggo ayam jenenge udu ingkung. Bumbune tumbur, brambang, bawang, kunir, jahe diuleg nganti alus. Bar kuwi bumbune dicampur karo ayame dimasak karo santen ditambahi laos, uyah, lan gula*
- Romi : *Menawi pas masak sesaji sajen peturon pareng dipuncicipi menapa boten pak?*
- Pak Susilo : *Nek pas masak boten kena diicipi ngantos upacaraene cekap, nyamikan sing dingge ugi kedah wutuh. Sing dinggo sajen niku cidhukan sing sepisan.*
- Romi : *Menawi ngginakaken cidhukan ingkang boten pisanan kados pundi pak? Pareng menapa boten?*
- Pak Susilo : *Ya ora oleh. Lha kuwi rak minangka ngormati tiyang sepuh.*
- Romi : *Wonten sesaji sanesipun mboten pak?*

Pak Susilo : *Ana ingkung, jenang bonang-baneng, godhong tawa, godhong sewu.*

Romi : *Inkung menika menapa pak? damelipun ugi kadospundi?*

Pak Susilo : *Inkung kae le nggawe saka ayam. Nek ora nganggo ayam jenenge udu ingkung. Bumbune bangsane tumber, brambang, bawang, kunir, jahe diuleg nganti alus. Bar kuwi bumbune dicampur karo ayame dimasak karo santen ditambahi laos, uyah, lan gula.*

Romi : *Menawi jenang bonang-baneng menika menapa pak?*

Pak Susilo : *Jenang bonang-baneng kuwi kayane kaya jenang dhek ning sajane udu. Jenang bonang-baneng kuwi saka banyu sing dewei kembang mawar, melathi, kanthil.*

Romi : *Jenang menika dipunwadhai menapa pak?*

Pak Susilo : *Diwadhai gelas ben ora wutah mergane rak beda karo jenang abang putih.*

3. Pertanyaan tentang makna sesaji

Romi : *Tegesipun sesaji kala wau menapa pak?*

Pak Susilo : *Tegesipun menika*

Wedang (kopi pahit-manis, teh pahit-manis): dalam kehidupan tidak selalu pahit, kadang-kadang pahit dan kadang-kadang manis.

Rucuh degan : *rujak niku rak saking macem-macem woh-wohan artinya disatukan segala macam yang ada di kehidupan itu diharapkan untuk dapat bahagia, kalau diartikan dalam kehidupan ini dalam kehidupan nanti bisa bahagia, bisa mati secara khusnul khotimah.*

Jenang bonang-banéng : *niku karepe sing éning utawa mantep panuwune utawa karepe moga-moga ora nlisir utawa menggok. Panuwune karo sing gawe urip kabul.*

Kembang telon: *kembang telon niku wonten mawar, melathi, kenanga. Maknane wonten tiga perkawis abang artine keberanian, putih kesucian, ijo nganu ... hawa nepsu.*

Menyan : sing ana kebule maknane kobul. Kukusan iku kabul, artinya segala keinginan bisa terkabul.

Godhong dhahap dan **godhong sewu**: godhong dhadhap dalam hal panuwunan umpama ana sadaya alangan niku saged tawar, sami, sami kaliyan tolak balak.

Rokok lan kinang: rokok dan kinang itu smacam kebutuhan laki-laki dan perempuan. Nek dimaknani suruh niku nek digeget beda, nek dirasakke padha. Sing maksute ngumpulke karep utawa kersa, panuwunan antarane wong lanang wedok nek bisa didadekke siji.

Jangka nginthil : jangka saka tembung jangka (karep). Inthil padha wae cita-cita. Sakabehe karep kuwi kudu diinthil supaya tekan.

Gêthik : kanggo bekti kaliyan Mbah Mandra Busana sing truka Rowodadi.

Endhog ceplok sambel kecap: endhog niku tiga saing didadekna siji inggih menika kulit, kuning, lan putih yaiku cipta, rasa, dan karsa. Maksute manunggaling cipta, rasa lan karsa mung sajoga minta Gusti. Ketgia hal tersebut harus disatukan agar semuanya seimbang.

Ketan abang-putih : hormat marang bapa lan ibu pertiwi.

Jenang abang-putih : ngormati marang sedulur enom lan tuwa.

Jenang ireng : ireng niku wulung, niku nebehke saking tolak balak.

Iwak kebo siji : Tegese manungsa niku senenge werna-werna, ora kur siji mbak.

Kopi pait, kopi manis, teh pait, dan teh manis : Dalam kehidupan tidak selalu manis, ada kalanya pahit dan juga manis seperti rasa kopi pait, kopi manis, teh manis, dan teh pait kuwi mau.

Tumpeng : tumpeng rak wujud kerucut. Maknane menawi manungsa niku kedah manembang marang Gusti Allah.

Nasi, sayur : sebagai pelengkap ugi wujud rasa syukur, ben slamet kabeh wong karang jenenge slametan ya sing disuwun slamet.

Romi : *Kadosipun kok wonten jajan pasar nggih pak?*

Pak Susilo : *Iya dhek wonten.*

Romi : *Maknanipun jajan pasar menapa pak?*

Pak Susilo : *Napa nggih? ... Ngaten dhek jajan pasar niku nggambarake kehidupan sosial. Nang pasar kuwi kabeh rak ketemu, kumpule kabeh kelas, ana sing sugih, sedheng, lan ora nduwe, sapa sing butuh lan mbutuhake.*

Romi : *Lajeng jajan pasar ingkang dipunparingaken wonten plastik lan samir tegesipun sami menapa boten pak?*

Pak Susilo : *Jajan pasar yang dibungkus plastik dan samir sama saja maknanya. Jaman riyin jajan pasar dereng diwadhahi palstik kayata kacang nek jaman mbiyen diconthong.*

Romi : *Wiwit taun pinten jajan pasar dipunwadhahi ngginakaken plastik pak?*

Pak Susilo : *Pada waktu plastik sudah masuk ke desa-desa, karena daun-daun susah dicari jadi diganti dengan plastik. Karena kalau menggunakan daun itu tidak simpel.*

4. Pertanyaan tentang persiapan upacara sajen peturon.

Romi : *Menapa wonten persiapan-persiapan menawi badhe nindakaken upacara sajen peturon pak?*

Pak Susilo : *Ya nek biasane mung resik-resik kamar utawa peturon, lan nyiapake meja nggo deleh sesaji sing wis di tata.*

Romi : *Menawi persiapan khususipun menapa pak?*

Pak Susilo : *Nek persiapan khusus ora ana dhik.*

5. Pertanyaan tentang prosesi upacara sajen peturon.

Romi : *Kadospundi prosesi upacara sajen peturon pak?*

Pak Susilo : *Boten wonten prosesi upacarane dhik. Sajen sing wis dimasak ditata, ning ibu-ibu sing wis sepuh. Nek wis rampung biasane langsung diujud utawa dipasrahke.*

Romi : *Lajeng ingkang masrahaken sinten pak?*

Pak Susilo : *Biasane wong sing wis sepuh sing ngerti bab sajen kayata Pak Adi Sudir, Pak Mantan (Wangsit).*

Romi : *Susunan acara pelaksanaanipun kadospundi pak?*

Pak Susilo : *Kuwi ya mung diserahke ning ibu-ibu sing sepuh. Boten wonten susunan acara ingkang khusus.*

6. Pertanyaan tentang fungsi sesaji sajen peturon.

Romi : *Kegunaan sesaji menika menapa pak?*

Pak Susilo : *Sing jenenge slametan rak minangka wujud raos syukur dhumateng Gusti, kanggo ngormati cikal bakal desa kene, ugi nyuwun keslametan anggenipun mbabar hajat manten. Wongkarang tujuane kabul dadai ben slamet ya njuk kuwi mau padha nganakake slametan. Gampange ora ana godha saking napa mawon. Upacara menika salah satunggaling wujud budaya jawi ingkang adi luhung, dados kedah dipunlestatunaken.*

CATATAN REFLEKSI

1. Pak Adi Sudir, Pak Mantan (Wangsit) bertugas memimpin atau memasrahkan upacara *sajen peturon*.
2. *Sajen* yang sudah dimasak kemudian ditata oleh ibu-ibu yang sudah *sepuh* lalu lalu *diujudke*.
3. Sesaji terdiri dari pisang ambon, pisang raja *lepet*, *kupat*, saat itu seperti nasi, sayur, terus *lawuh*, terus telur, *degan*, *jangka nginthil*, *kembang telon*, *ketan abang-putih*, *jenang abang-putih*, *wedange arang-arang kembang*, *kopi manis-pahit*, *teh manis-pahit*, *rucuh degan*, *cembawuk*, *klasa bangka*, *beras dikei endhog njuk diwadhai taker*, *gelas dikei banyu karo kembang (jenang bonang-baneng, kembang menyan, tela bakar, gedhang bakar, tempe bakar, sega ditumpeng, tumpi, cucur, srabi, degan*.
4. Makna *klasa bangka (tilam lampus) bangka* itu mati, artinya manusia itu tidak akan hidup terus suatu saat pasti akan mati atau meninggal dunia, *tumpeng* yang berbentuk kerucut bermakna manusia harus menyembah kepada Gusti Allah.

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA (03)

Nama : Mardi Suwito
Umur : 62 tahun
Pekerjaan : Tani
Alamat : Rowodadi
Hari/tanggal : Kamis, 8 April 2010
Tempat : Rumah Bapak Mardi
Waktu : 10.00 WIB

1. Pertanyaan tentang asal-usul sajen *peturon*.

- Romi : *Kadospundi asal-usulipun sajen peturon mbah?*
- Mbah Mardi : *Nalika bocah sek cilik ana sing njaga jenenge Dewi Brayut utawa Nek cara Islam jenenge Dewi Mariyam.*
- Romi : *Dewi-dewi menika sinten pak?*
- Mbah Mardi : *Dewi-dewi kuwi mau sing njaga ning peturon. Bocah tambah taun rak tambah gedhe njuk dhewasa banjur arep omah-omah.*
- Romi : *Kenging menapa kedah nganakaken sajen peturon mbah?*
- Mbah Mardi : *Kanggo ngormati dewi kuwi mau. Mula dijenengke sajen peturon.*
- Romi : *Lajeng sajen menika sinten ingkang pisanan ngadani mbah ?*
- Mbah Mardi : *Sing ngadani ya mbah buyute dhewe.*
- Romi : *Wekdalipun sajen peturon kapan mbah?*
- Mbah Mardi : *Awal badhe tepuk damel utawa kagungan hajat umpane Jumat awit Rebo utawa Kemis sajene wis dipasang.*
- Romi : *Kinten-kinten wiwit taun kapan upacara sajen peturon dipunwiwiti mbah?*
- Mbah Mardi : *Kinten-kinten saderenge masehi, boten saged diomongke niku. Tak kira wiwit manungsa Jawa ana, wiwit gelaring jagat. Dadi saderenge masehi.*
- Romi : *Upacara sajen peturon tujuanipun menapa mbah?*
- Mbah Mardi : *Nggih tujuane mung kangge mbingkas tolak balak, mugi caket dhateng karahayon.*

Romi : *Simbah nindakake upacara menika wiwit kapan?*

Mbah Mardi : *Kawit tahun 2000 an, wiwit aku mantokke ana kula.*

2. Pertanyaan tentang persiapan upacara sajen peturon.

Romi : *Persiapan ingkang wonten ing upacara sajen peturon menapa mawon mbah?*

Mbah Mardi : *Ya paling nyiapake klasa bangka, nata kenap/meja sing arep dienggo deleh sajen peturon.*

Romi : *Lajeng persiapan khususipun wonten boten mbah?*

Mbah Mardi : *Boten wonten.*

3. Pertanyaan tentang prosesi upacara sajen peturon.

Romi : *Prosesi upacara sajen peturon kadospundi mbah?*

Mbah Mardi : *Ya mung nek wis rampung nata dipasrahke utawa diujudke.*

Romi : *Sinten ingkang masrahaken mbah?*

Mbah Mardi : *Sing duwe hajat nek ora ya wong sing sepuh-sepuh.*

Romi : *Menawi tiyang sepuh menika sinten mawon mbah?*

Mbah Mardi : *Pak Adi Sudir karo Pak Mantan (Wangsit).*

Romi : *Lajeng susunan acaranipun sajen peturon kadospundi mbah?*

Mbah Mardi : *... Biasane ngobong menyan njuk bismilah, ikrar/pasrah, njuk penutup.*

Romi : *Acara sepisan dumugi ingkang pungkasan sinten ingkang mimpin mbah?*

Mbah Mardi : *Acara pertama tekan keru dhewe sing mimpin mung wong siji.*

Romi : *Menawi ingkang mimpin acara menika biasane sinten mbah?*

Mbah Mardi : *Para sesepuh kaya Pak Adi Sudir, Bu Rasmi, lan sanesipun sing ngertos bab sajen peturon.*

4. Pertanyaan tentang fungsi upacara sajen peturon.

Romi : *Manfaat ingkang saged dipunpendhet saking upacara sajen peturon menapa mawon mbah?*

Mbah Mardi : *Supados slamet sedaya anggenipun mbabar hajat., ngilangken pagebluk. Fungsi liyane nganu ... ngge kegotong*

royongan. Karo solidaritas, niku katingal pas damel lan nata sajen. Nek kompak njuk direngga bareng rak cepet rampung.

5. **Pertanyaan tentang macam-macam sesaji sajen peturon.**

Romi : *Jenising sesaji sajen peturon menapa mawon mbah?*

Mbah Mardi : *Niku tumpeng, gedhang ambon, ingkung, jenang abang-putih, arang-arang kambing, kopi pait-legi, teh pait-legi, wedang putih, rucuh degan, ketan abang-putih, jajan pasar bangsane cucur, tumpi, jongko nginthil, krupuk, lanting, kacang goreng, emping, kupat-lepet, rokok, kinang, godhong towo, candu, godhong towo, godhong sewu, rokok, kinang.*

Romi : *Wonten sesaji ingkang sanesipun boten mbah?*

Mbah Mardi : *Boten wonten, ya mung kuwi thok.*

6. **Pertanyaan tentang makna sesaji.**

Romi : *Tegesipun sesaji kala wau menapa mbah?*

Mbah Mardi : *Tegesipun menika*

Tumpeng : *lancip ndhuwure, tanda eling dhateng Panguwase Gusti .*

Inkung : *Kangge memetri kanjeng Nabi Muhammad.*

Jenang abang-putih : *Nglambangake asa-usule manungsa inggih menika saking tiyang sepuh. Werna putih nglambangake bapak, nek abang ibu.*

Kembang pari : *kangge memuli dhateng Dewi Sri sing paring rejeki wujudipun pari.*

Rucuh degan, cembawuk, karo arang-arang kambing : *minangka wujud penghormatan dhateng para leluhur.*

Rokok : *nggambarake priyayi kakung.*

Kinang : *nggambarake priyayi putri.*

Godhong tawa lan godhong sewu: *wonten samubarang menapa kemawon saged tawar. Slametan menika wujud wonten sewu, tujuane supados slamet.*

CATATAN REFLEKSI

1. Upacara *sajen peturon* diadakan pertama kali oleh mbah buyut desa Rowodadi.
2. Tujuan upacara *sajen peturon* adalah untuk bingkis tolak balak, memperoleh keselamatan.
3. Susunan acara upacara *sajen peturon* terdiri dari pembukaan, ikarar atau pasrah dan panutup.
4. *Ingkung* memiliki makna sebagai wujud penghormatan kepada Nabi Muhammad SAW, *jenang abang-putih sing dipepetri sedulur enom* dan *sedulur tuwa*.

CATATAN LAPANGAN WAWANCARA (04)

Nama : Wangsit Prawiro Sugondo
Umur : 64 tahun
Pekerjaan : Tani
Alamat : Rowodadi
Hari/tanggal : Kamis, 8 April 2010
Tempat : Rumah Bapak Wangsit
Waktu : 14.00 WIB

1. Pertanyaan tentang asal-usul *sajen peturon*.

- Romi : *Kadospundi asal-usulipun sajen peturon bapak?*
- Pak Wangsit : *Kula dhewe ora ngerti, kula nirokke tiyang riyin. Nggih saking naluri tiyang riyin.*
- Romi : *Lajeng sajen peturon menika sinten ingkang sepisan ngadani?*
- Pak Wangsit : *Sedinga tiyang sing ajeng badhe kagungan hajat.*
- Romi : *Tujuanipun sajen peturon menapa pak?*
- Pak Wangsit : *Mencari keselamatan, wong niku nek ora disajeni ora slamet tenan.*
- Romi : *Bapak nderek nindakake utawi dados tiyang ingkang pasrah boten?*
- Pak Wangsit : *Nggih derek.*
- Romi : *Wiwit kapan pak?*
- Pak Wangsit : *Niku duka taun pinten, wiwit mbah buyut ana tekan saiki.*
- Romi : *Wekdalipun sajen peturon kapan pak?*
- Pak Wangsit : *Setiap mau hajatan, dadi malam hajatan. Kalau hajatan Sabtu ya malam Sabtu.*
- Romi : *Sesaji sajen peturon wiwit rumiyin dumugi samenika wonten perubhanipun menapa mboten pak?*
- Pak Wangsit : *Sesajinipun tetep, mboten wonten perubahan amargi menawi kirang wonten ingkang kesurupan.*
- Romi : *Kesurupan ingkang kadospundi pak?*
- Pak Wangsit : *Kesurupane inggih umpamane nyuwun kekiranganane. Nggih niki umpamane nyuwun rucuh degan. Nggih kekirangane napa mangke kedah dituruti utawi dipadosi napa sing disuwun.*

2. Pertanyaan tentang persiapan upacara sajen peturon.

Romi : *Persiapan ingkang wonten ing upacara menika menapa mawon pak?*

Pak Wangsit : *Ora ana mbak, paling masak sing arep nggo upacara sajen peturon.*

Romi : *Lajeng persiapan khususipun menapa pak?*

Pak Wangsit : *Mboten wonten mbak.*

3. Pertanyaan tentang prosesi upacara sajen peturon.

Romi : *Kados pundi prosesipun upacara sajen peturon pak?*

Pak Wangsit : *Prosesi upacarane ora ana.*

Romi : *Lajeng susunan acara pelaksanaanipun kadospundi pak?*

Pak Wangsit : *Tidak ada susunan acaranya.*

Romi : *Lajeng sinten ingkang masrahaken pak?*

Pak Wangsit : *Sing masrahke ya dhewe utawa ibu-ibu sing wis sepuh sing biasane ngerti bab sajen. Biasane nek wong kene wong tuwa sing masrahke, wong tuwa sing dipercaya karo sing duwe gawe.*

Romi : *Ikrar pasrahipun kadospundi pak?*

Pak Wngsit : *Tergantung sing masrahke sinten, sangertine kula ngaten Bismillahirrohman nirrohim ... dhumateng cikal bakal Roworejo ugi pekasan mriki ingkang wekdal kula kagungan hajat badhen nikahaken ana kula ... nyuwun doa restunipun kaliyan cikal bakal kekalihipun. Manggiya keselamatan saking arah menapa kemawon.*

Romi : *Menapa sajenipun kedah jangkep pak?*

Pak Wangsit : *Nggih, nek ora dianani ana bencana khusus untuk keluarga itu.*

Romi : *Pagebluk menika awujud menapa pak?*

Pak Wangsit : *Bencana awujud sesakit njuk setres.*

4. Pertanyaan tentang fungsi upacara sajen peturon

Romi : *Manfaat ingkang saged dipunpendhet saking upacara sajen peturon menapa pak?*

Pak Wangsit : *Keselamatan dan mudah dalam mencari rejeki. Untuk melestarikan budaya yang ada.*

5. Pertanyaan mengenai macam-macam sesaji

Romi : *Sesaji ingkang wonten ing upacara sajen peturon menapa mawon pak?*

Pak Wangsit : *Lha niku wonten butuh kaya brambang, bawang, kubis, emplok sing isine beras, miri, jenang abang, jenang putih, jenang ireng, jenang palang (jenang putih palang abang, ireng), godhong tawa, godhong kelor dikasih air yang ditaro dalam gelas, sega tumpeng, ingkung ayam, sega dikenong lawuh sakumplite, ketan abang, ketan putih, kupat, lepet, jajan pasar, emping, lanthing, kacang, tela godhok, tela bakar, gedhang bakar, tempe bakar, gethok tepo, sambel pecel, pisang ambon dan pisang raja masing-masing satu sisir, gêthik (darah ayam sing wutuh diwei santen, lombok rawit, brambang), endhok ceplok sambel kecap, rokok, kinang, wedang putih, teh pait, teh legi, kopi pait, kopi legi, arang-arang kambang (beras ketan, gula jawa, wedang jarang), rucuh degan (degan dikeruk ditambah gula jawa), cembawuk (kopi diwei santan), degan dipares dikei gula jawa, iwak banyu (lanang, wadon), iwak kebo siji, godhong towo lan godhong sewu, menyan dibakar.*

Romi : *Sayur ingkang dipunginakaken menapa mawon pak?*

Pak Wangsit : *Nggih le olah napa mawon, dipunpendhet sekedhik-sekedhik.*

Romi : *Menapa awit jaman rumiyin dumugi samenika ngginakaken sayur mie mawon pak?*

Pak Wangsit : *Nggih awit rumiyin, awit pertama.*

Romi : *Menawi dipungantos sayur sanesipun kadospundi pak? Pareng menapa boten?*

Pak Wangsit : *Nggih kenging, tapi saumpamane ra ana ya kudu digolekke. Niku saumpamane karmane kula sayur mie, sayur kermo, nggih sanyuwune leluhure mbiyen.*

Romi : *Kadosipun kalau wau wonten komaran nggih pak? Komaran menika menapa pak?*

Pak Wangsit : *Bangsane kembang pari, ketan abang, ketan putih, tumpi, cucur, jangka nginthil, sega lulut, kupat, lepet, ganyong, tela godhok, gedhang bakar, tempe bakar, tela bakar mula dijenenge komaran.*

Romi : *Lajeng menawi jajan pasar menika menapa mawon pak?*

Pak Wangsit : *Jajan pasar ya bangsane gedhang ambon, gedhang raja, ana salak, timun, jambu, bengkuang. Kejaba kuwi ana klethikane lanthing, emping, kacang goreng*

Romi : *Sasampunipun upacara menika cekap, dhaharan menika lajeng dipunbucal menapa kadospundi pak?*

Pak Wangsit : *Mboten mangke ngentosi hajat mantunipun cekap. Menawi sampun cekap dipunbucal sing saged digunakake ditedhi, menawi mboten saged dipunbucal.*

Romi : *Sasampunipun dipunpasrahaken (kangge sajen) dhaharan menika dipunbucal menapa kadospundi pak?*

Pak Wangsit : *Nggih dipunbucal mangke nek le masrahke wis rampung.*

6. **Pertanyaan tentang makna sesaji**

Romi : *Tegesipun sesaji-sesaji menika menapa pak?*

